

KUTBAH JUMAT BAHASA JAWA
WANA KOBONG, KASATAN, LAN PEPELING GUSTI ALLAH

KHUTBAH KAPISAN

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ وَجَعَلَ الظُّلُمَاتِ وَالنُّورَ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ. أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا الْمُسْلِمُونَ، أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ. قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْكِتَابِ الْكَرِيمِ: يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ.

Ma'asyiral Muslimin jamaah Salat Jumat ingkang dipun rahmati Allah,

Puji lan syukur sumangga kita aturaken dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring nikmat iman, Islam, kasarasan, sarta kalodangan dhumateng kita sedaya sahingga kita saged ngibadah jumat kanthi khidmat. Shalawat ugi salam mugi tansah kaparingaken dhumateng Junjungan kita Nabi Agung Muhammad SAW, para kulawarganipun, para sahabatipun, sarta umatipun ingkang setya tuhu nglampahi sunnahipun ngantos akhir zaman.

Sumangga kita tansah ningkataken ketakwaan dhumateng Allah SWT kanthi saestuning takwa. Takwa punika mboten namung nalika kita wonten ing lebet masjid, nanging ugi nalika kita ngolah sabin lan pekarangan, ngginakaken toya, ngebruk utawi ngetok wit-witan, mbucal sampah, sarta nindakaken amanah minangka manungsa ing bumi punika.

Jamaah Jumat ingkang dipun mulyakaken Allah,

Ing dinten punika kita nyekseni maneka warna kedadosan ingkang saged nggugah manah kita. Alas kabakar, lahan gundhul lan garing, sumber toya saya suda, sabin kangelan angsal toya, sarta oyod-oyod kabutuhan padintenan saya ngrasakaken benter ingkang saya panas. Nalika jawah mboten kunjung dhawah, nalika lepen-lepen miwiti asat, lan sumur-sumur awrat anggenipun medalaken toya, kita asring piyambak nyuwun pirs: "*Kenging punapa sedaya punika saged kedadosan?*"

Al-Qur'an sampun ngelingaken kita ing QS. Ar-Rum ayat 41:

ظَهَرَ الْفَسَادُ فِي الْبَرِّ وَالْبَحْرِ بِمَا كَسَبَتْ أَيْدِي النَّاسِ لِيُذِيقَهُمْ بَعْضَ الَّذِي عَمِلُوا لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ

Tegesipun: "Wus ketara kerusakan ing daratan lan ing segara amarga saka panggawening tangane manungsa; Allah ngrasakake supaya dheweke ngrasakake sebagian saka akibating panggawene, supaya dheweke padha bali marang dalan sing bener."

Ayat punika mboten ateges saben kebakaran utawi kekeringan lajeng kita arani minangka paukuman saking Allah dhumateng tiyang tartamtu. Kita mboten pirsá sedaya hikmah ing sabanjuring musibah. Nanging, musibah kedahipun dados pepeling lan kesempatan kagem introspeksi dhiri (*muhasabah*). Sampun nganti nalika alas kabakar kita namung ngetang kerugian materi. Sampun nganti nalika kekeringan teka kita namung nggersula bab benteripun hawa. Nanging kita supen nyuwun pirsá dhumateng dhiri piyambak: *Menapa salami punika kita sampun njaga amanahipun Allah dhumateng bumi?*

Jamaah Jumat rahimakumullah,

Allah sampun maringi alam ingkang endah lan asri dhumateng manungsa. Alas nyedyakaken hawa resik, nyimpen toya, njagi siti, lan dados papan gesang maneka warna makhluk. Nanging nalika alas dipun obong kanthi sembrana, nalika wit-witan dipun tebang tanpa nggatosaken kelestarian, lan nalika lingkungan namung didadosaken sumber keuntungan piyambak, kaseimbangan alam dados rusak lan kagangu

Allah SWT paring pangandikan wonten ing QS. Al-A'raf ayat 56:

وَلَا تُفْسِدُوا فِي الْأَرْضِ بَعْدَ إِصْلَاحِهَا وَادْعُوهُ خَوْفًا وَطَمَعًا إِنَّ رَحْمَتَ اللَّهِ قَرِيبٌ
مِّنَ الْمُحْسِنِينَ

Tegesipun: "Lan aja sira padha gawe kerusakan ing bumi sawise (bumi) didadekake kanthi apik. Lan dungaa marang Panjenengane kanthi rasa wedi lan kebak pengarep-arep. Saktenane rahmatipun Allah iku cedhak banget marang wong-wong sing padha gawe kabecikan."

Amarga saking punika, njaga lingkungan punika mboten namung prakara sosial utawi lingkungan piyambak. Nanging punika ugi minangka bagian saking amanah agami.

Jamaah ingkang dirahmati Allah,

Kita asring nganggep toya minangka barang ingkang mboten bakal telas. Kran dipun bikak sakepenake piyambak. Toya dipun antepaken mili nalika ngewahi kendaraan. Sumur dipun pompa tanpa nggatekake kahanan lingkungan. Sampah dipun bucal sembrana wonten ing lepen, lajeng nalika banjir utawi ketiga dugi, kita bingung lan tanglet kenging punapa kahanan mindhak awrat?

Rasulullah SAW ngajaraken supados kita mboten boros utawi keluwihan anggenipun ngginakaken toya. Nadyan nalika wudhu, piyambakipun mboten ngajaraken pemborosan. Wonten ing satunggaling hadits dipun sebutaken bilih Nabi SAW ngliwati Sa'd ingkang saweg wudhu, lajeng Nabi ngendika: "Kerusakan/pemborosan apa iki?" Sa'd nyuwun pirsá: "Punapa wonten ing lebet wudhu ugi wonten pemborosan?" Nabi njawab:

نَعَمْ، وَإِنْ كُنْتَ عَلَى نَهْرٍ جَارٍ

Tegesipun: "Iya, senajan sira ana ing pinggir kali sing mili deras." (HR. Ibnu Majah)

Pirsani para jamaah sekalian. Nalika toya melimpah wae Rasulullah ngajaraken supados mboten boros. Punapa dene nalika sedherek-sedherek kita saweg kangelan madosi toya kagem ngombe, masak, adus, maringi ngombe ternak, lan ngairi sabin.

Jamaah Jumat rahimakumullah,

Kebakaran alas lan kekeringan kedahipun ndamel kita saya cedhak dhumateng Allah, mboten kok saya tebih. Nalika langit dhereng mudhunaken jawah, mbok menawi Allah saweg ngajaraken dhumateng kita arti wigatinipun setetes toya. Nalika lemah dados garing, mbok menawi Allah saweg ngelingaken bilih ngantos sakmenika kita asring kesupe kaliyan nikmat-Nipun. Nalika sumber toya alit, mbok menawi Allah saweg ngajaraken bilih menapa ingkang salami punika kita anggap biasa, nyatanipun minangka karunia ingkang luar biasa.

Mila sampun namung nyuwun supados jawah, nanging ugi supados ati kita kanugrahan rahmat Allah. Sampun namung ngajeng-ajeng siti teles malih, ananging ngajeng-ajeng supados manah kita welas asih sasampunipun atos amargi dosa. Sampun namung ajrih mirsani alas kabakar, nanging kita mboten nate ngrasakaken betah tobat nalika dosa-dosa kita terus ngobong panggesangan kita.

Allah SWT atur pangandikan wonten ing QS. Al-A'raf ayat 96:

وَلَوْ أَنَّ أَهْلَ الْقُرَىٰ آمَنُوا وَاتَّقَوْا لَفَتَحْنَا عَلَيْهِم بَرَكَاتٍ مِّنَ السَّمَاءِ وَالْأَرْضِ وَلَٰكِن كَذَّبُوا فَأَخَذْنَاهُم بِمَا كَانُوا يَكْسِبُونَ

Tegesipun: "Lan menawa pendhudhuk sawijining negeri padha beriman lan bertakwa, mesthi Ingsun bakal nguntahake marang dheweke kabeh berkah saka langit lan bumi. Nanging dheweke padha nggulawentahake (ingkar), mula Ingsun siksa dheweke amarga apa sing wis padha ditindakake."

Ayat punika ngajaraken bilih iman lan takwa punika mboten namung maringi keslametan ing akhirat, nanging ugi dados sebab dhatengipun keberkahan wonten ing panggesangan donya.

Mila sumangga kita miwiti saking hal-hal ingkang prasaja:

1. Sampun ngantos ngobong alas lan lahan kanthi sembrana.
2. Sampun ngantos mbucal sampah wonten ing lepen.
3. Sampun boros anggenipun nginakaken toya.
4. Nandur wit-witan menawi bisa/saged
5. Njagi sumber toya.
6. Ngelingaken kulawarga lan putra-putri kita supados remen njagi lingkungan.

Ingkang paling wigati, nambah anggenipun istighfar lan nilar kemaksiatan. Amargi nalika musibah dhateng, tiyang beriman mboten namung madosi sinten ingkang kedah dipun salahaken.

Nanging piyambakipun bakal tumungkul lan matur: "Yaa Allah, mbok menawi kula sekanca sampun kathah lalai. Mula ampuni kula. Dandani kula. Slametaken bumi kula. Mudhunaken jawah-Mu minangka rahmat, mboten minangka azab."

Mugi-mugi Allah paring pangapura dosa-dosa kita, njagi negeri kita saking kebakaran, kekeringan, lan macem-maceming bencana, sarta ndadosaken jawah minangka rahmat lan keberkahan kagem sedaya makhluk.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ. أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ الْعَظِيمَ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، فَاسْتَغْفِرُوهُ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ.

KHUTBAH KAPINDO

الْحَمْدُ لِلَّهِ عَلَى إِحْسَانِهِ، وَالشُّكْرُ لَهُ عَلَى تَوْفِيقِهِ وَامْتِنَانِهِ. وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الدَّاعِي إِلَى رِضْوَانِهِ. اَللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَسَلِّمْ تَسْلِيمًا كَثِيرًا. أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ، اتَّقُوا اللَّهَ فِيمَا أَمَرَ، وَانْتَهُوا عَمَّا نَهَى وَزَجَر. وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمَرَكُمْ بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ بِنَفْسِهِ، وَنَتَى بِمَلَائِكَتِهِ الْمُسَبِّحَةِ بِقُدْسِهِ. فَقَالَ تَعَالَى: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اَللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ، وَبَارَكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، كَمَا بَارَكْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ، فِي الْعَالَمِينَ إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ. اَللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ، وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ. اَللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالزَّلَازِلَ وَالْمِحْنَ وَسُوءَ الْفِتَنِ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ، عَن بَلَدِنَا هَذَا خَاصَّةً وَسَائِرِ بُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً، يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ. اَللَّهُمَّ اسْقِنَا الْعَيْثَ وَلَا تَجْعَلْنَا مِنَ الْقَانِطِينَ. اَللَّهُمَّ اسْقِنَا غَيْثًا مُغِيثًا مَرِيئًا مَرِيْعًا نَافِعًا غَيْرَ ضَارٍّ، عَاجِلًا غَيْرَ آجِلٍ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. عِبَادَ اللَّهِ، إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ، يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ. فَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ، وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ، وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ

